



EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN

# Konsènan Radyoterapi MSK Precise™ pou Kansè Pwostat

Enfòmasyon sa yo pral ede w prepare pou fè radyoterapi MSK Precise la nan pwostat ou. Li eksplike a kisa pou w atann ou. Li eksplike tou kijan pou w pran swen tèt ou anvan, pandan, epi aprè radyoterapi w la.

Resous sa a gen anpil enfòmasyon. Diferan seksyon yo ka itil ou a diferan moman. Nou konseye w pou li resous sa a yon fwa anvan ou kòmanse radyoterapi a, pou w ka konnen sa ki pral pase. Aprè sa, retounen ladan l pandan radyoterapi w la.

Enfòmasyon sa yo se enfòmasyon jeneral. Ekip radyoterapi w la pral fè yon plan tretman ak swen espesyalman pou ou. Se poutèt sa, gen kèk pati nan tretman w lan ki ka pa menm ak sa nou dekri la a. Ekip radyoterapi w la ap di w a kisa pou atann ou.

## Konsènan radyoterapi a

Radyoterapi a itilize radyasyon ki gen gwo enèji pou li trete kansè. Aksyon li fè a se andomaje selil kansè yo, sa ki fè li difisil pou yo miltipliye. Apresa, kò ou kapab natirèlman elimine selil ki gen kansè ki andomaje yo. Radyoterapi a afekte selil nòmal yo tou, men yo kapab repare tèt yo nan yon fason selil ki gen kansè yo pa kapab.

Radyoterapi a pran tan pou li aji. Ou bezwen plizyè jou oswa semèn tretman anvan selil ki gen kansè yo kòmanse mouri. Yo kontinye mouri pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa lè radyoterapi a fini.

W ap gen yon pwosedi pou planifikasyon tretman ki rele similasyon anvan premye tretman radyasyon w lan. Pandan similasyon w lan, radyoterapet yo ap fè eskanè imaj yo epi yo ap make po ou avèk ti pwèn tatou. Sa fèt pou:

- Pou yo planifye kote ou ap fè tretman an.
- Asire ke ou pran yon dòz (kantite) radyasyon ki apwopriye a.
- Limite kantite radyasyon ki rive tou prè tisi ki an sante yo.

## Konsènan MSK Precise

MSK Precise pa menm ak radyoterapi tradisyonèl la. Li itilize yon fòm radyoterapi presi epi ki gen dòz fò ki rele radyoterapi kòporèl estereyotaktik (stereotactic body radiotherapy, SBRT) pou li sible timè yo avèk dòz radyasyon ki fò.

Li nòmal pou pwostat ou ak lòt ògàn ou yo fè yon ti deplase lè w ap respire ak chanje pozisyon. Sa kapab rive pandan ou ap resevwa tretman ou yo. Anvan w kòmanse fè MSK Precise la, ou ka genyen kèk makè de referans (yon seri ti makè an metal ou ka wè nan eskanè imaj la) ke yo mete nan pwostat ou. Makè sa yo ap pèmèt radyo-onkològ ou a konnen egzakteman kote pwostat ou ye pandan tretman w lan. Sa ap pèmèt yo sible dòz radyasyon ki fò dirèkteman sou pwostat ou. Ou ka li plis toujou sou makè yo nan seksyon “makè de referans ak plasman espasè rektal”.

Ou ap resevwa radyoterapi MSK Precise ou a pandan 5 tretman. Kantite sa a mwens pa rapò ak lòt kalite radyoterapi yo paske dòz tretman yo pi fò. Pandan tretman radyasyon w yo, yon aparèy pral dirije reyon radyasyon yo dirèkteman sou timè a. Reyon yo pase nan kò ou epi yo andomaje selil ki gen kansè yo kwaze sou chemen yo. Ou p ap wè ni santi reyon yo.

Yo kapab itilize MSK Precise poukont li oubyen ansanm avèk lòt tretman kont kansè pwostat, tankou brakiterapi oubyen terapi òmonal.

## Wòl ou jwe nan ekip radyoterapi ou a

Ekip radyoterapi w la pral travay ansanm pou yo pran swen ou. Ou fè pati ekip sa a, epi wòl pa ou se:

- Ale nan randevou ou yo a lè.
- Poze kesyon ak pale sou enkyetid ou yo.
- Di nou lè ou genyen efè segondè yo.
- Di nou si w genyen doulè.
- Pran swen tèt ou lakay ou lè w:
  - Kite fimèn si w fimèn. MSK genyen espesyalis ki kapab ede w. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou [Pwogram Tretman pou Moun ki Fimèn Tabak](#) nou an, rele nan 212-610-0507. Epitou, ou kapab poze enfimyè w la kesyon sou pwogram nan.
  - Pran medikaman ki la pou prepare trip ou yo selon enstriksyon nou yo.
  - Bwè likid jan nou di w la.

- Manje oubyen evite manje ak bwason nou konseye w yo.
- Konsève apeprè menm pwa a.

## Kisa ki pase anvan radyoterapi MSK Precise lan

### Makè de referans ak plasman espasè rektal

Anvan ou kòmanse MSK Precise la, gen kèk ti bagay ki pou fèt tankou mete ti makè oswa yon espasè rektal an plas.

- Makè de referans yo se yon seri ti objè an metal (ki gwose yon grenn diri). Yo pèmèt pwofesyonèl swen sante ou yo alinye reyon radyasyon yo epi asire yo ou resevwa radyoterapi yo egzakteman menm jan an a chak fwa. Sa pèmèt yo sible timè a san yo pa andomaje tisi ki anfòm ki toupre a. Makè de referans yo ap rete nan pwostat ou aprè tretman w lan.
- Yon espasè rektal se yon jèl ki rele idwojèl SpaceOAR® ke yo plase ant pwostat ou ak rektòm ou, (ki se pwent anba kolon ou) pou separe yo. Li pwoteje rektòm ou kont radyasyon epi li redwi kèk efè segondè radyoterapi a. Espasè rektal la ap rete an plas pandan anviwon 3 mwa. Apresa, kò ou ap absòbe li epi li ap soti nan pipi ou (pipi).

Si y ap mete makè de referans oubyen yon espasè rektal pou ou, pwofesyonèl swen sante w la ap di ou a kisa pou atann ou. Y ap ba ou resous la *About Your Prostate Fiducial Marker and Rectal Spacer Placement in the Operating Room* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/fiducial-markers-rectal-spacers-anesthesia](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/fiducial-markers-rectal-spacers-anesthesia)).

### Konsèvasyon espèm

Testikil (boul grenn) ou yo pral an kontak ak reyon yo pandan radyoterapi ou a. Sa kapab afekte espèm ou ak abilite pou gen pitit byolojik aprè radyoterapi a.

Nou rekòmande pou konsève espèm ou anvan ou kòmanse tretman an si ou panse ou ka vle gen pitit byolojik. Pou w jwenn plis enfòmasyon, li *Sperm Banking* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/sperm-banking](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/sperm-banking)) ak *Building Your Family After Cancer Treatment: For People Born With Testicles* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/building-family-born-with-testicles](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/building-family-born-with-testicles)).

### Preparasyon Trip

Ou ap oblije elimine rès pou pou (matyè fekal) ki nan kò ou pou fè similasyon an ak tretman radyasyon w yo. Yo rele sa preparasyon trip. Preparasyon trip ede diminye risk pou efè segondè.

Li enpòtan anpil pou swiv enstriksyon pou preparasyon trip ou yo. Ou ka bezwen yon lavman anplis si entesten w pa vid anvan similasyon an ak tretman yo. Li ka fè similasyon oubyen tretman w lan pran plis tan tou.

## **Kòman preparasyon trip redwi risk efè segondè**

Trip ou se ti entesten, gwo entesten (kolon) ak rektòm ou. Rektòm ou se kote pou pou a te estoke anvan li soti nan kò w.

Trip ou vin pi gwo oubyen pi piti depann de a ki nivo yo plen. Lè yo chanje gwo sè yo deplase tisi ak ògán ki bò kote yo a tou, sa gen ladan l pwostat ak vesi.

Preparasyon trip lave trip ou. Li ede timè ak tisi ki an sante ki tou prè yo rete nan yon sèl kote pou similasyon ak tretman w yo. Sa ede tisi w yo rete an sekirite kont twòp radyasyon e li redwi risk pou soufri efè segondè.

## **Materyèl pou preparasyon trip**

Achte materyèl sa yo nan famasi ki nan zòn ou an. Ou pa bezwen yon preskripsyon.

- Grenn Simetikòn 125 miligram (mg), tankou Gas-X® Extra Strength.
- Tablèt Bisacodyl 5 miligram, tankou Dulcolax®.
- Omwen 1 lavman ak dlo sale, tankou lavman Fleet® yo. W ap pran li anvan w fè radyoterapi w yo si w pa t pou pou nan espas 1 èdtan anvan randevou w la.

## **Enstriksyon pou preparasyon trip yo**

Apati 3 jou anvan similasyon w lan:

- Pran 2 tablèt simethicone (125 miligram) lè w fin manje manje maten ak lè w fin manje manje midi chak jou. L ap fè w pa gen gaz ak balonnman.
- Pran 1 tablèt bisacodyl (5 miligram) (Dulcolax) chak swa. L ap pèmèt ou pou pou nòmal.

Si ekip k ap pran swen w lan ba w enstriksyon ki diferan, swiv sa yo di w yo pito.

Bisacodyl se yon metzin (medikaman ki fè w pou pou). Di ekip swen w lan sa si dyare kòmanse pran w (pou pou dlo lolo). N ap ede w ajiste dòz (kantite) w ap pran an.

## **Konsèy sou sa pou manje pou redwi gonfleman**

Gaz oswa likid kapab akimile nan trip ou epi lakòz ou gonfle. Lè ou gonfle, trip ou kapab detire rive nan zòn tretman an epi ekspoze a radyasyon an. Sa kapab lakoz efè segondè

oswa agrave efè segondè ou yo.

Swiv konsèy sa yo pou ka diminye risk gonfleman pandan radyoterapi a. Li pi bon pou ta kòmanse 2 ou 3 jou anvan similasyon ou an e kontinye swiv yo jiskaske ou fin fè radyoterapi a.

- Manje dousman epi moulen manje a byen. Sa ap pèmèt ou evite vale van.
- Evite itilize chalimo ak bwè dirèkteman nan boutèy ak bwat yo. Epitou, sa ap pèmèt ou evite vale van.
- Limite oswa evite manje ki bay gaz lè yo dijere, tankou:
  - Aspèj
  - Byè
  - Bwokoli
  - Chou briksèl
  - Chou
  - Chouflè
  - Mayi
  - Pwa sèch, ti pwa, ak lòt legim yo.
  - Lay
  - Powo
  - Lèt ak lòt pwodui lèt ki gen laktoz si w pa tolere laktoz
  - Zonyon
  - Prin
- Evite tout bwason gazez (ki gen gaz), tankou kola ak dlo ki gen gaz yo.
- Limite oswa evite alkòl ki gen sik yo, tankou zilitòl, sòbitòl, ak manitòl. Manje ki pa gen sik yo souvan genyen alkòl ki gen sik ladan yo. Si w gen dout, verifye lis engredyan an ki sou etikèt ki bay Enfòmasyon Nitrisyonèl la.
- Manje legim ki kwit yo olye de legim ki kri yo.
- Pwofesyonèl swen sante w la gendwa di w pou manje plis ou mwens fib, depann de sentòm ou yo. Swiv enstriksyon yo ba ou yo.

Si w gonfle oubyen w gen gaz, yon jounal ki kontwole sa w manje kapab ede w dekouvri ki manje ki fè sa. Note manje ou yo ak bwason ou bwè yo, lè ou konsome yo a, ak lè ou kòmanse santi w gonfle an. Vini avèk jounal manje w la nan randevou yo. Pwofesyonèl swen sante w la ap itilize l pou li ede w jere gonfleman an.

Yon dyetetisyen-nitrisyonis klinik kapab pale avèk ou sou sa ou ap manje pou li ka ede w prepare yon rejim alimantè ki bon pou ou. Mande onkolojis oswa enfimyè radyasyon w lan yon referans si ou vle wè yon dyetetisyen-nitrisyonis. klinik

## **Bwè dlo pou w rete byen idrate**

Pifò moun dwe genyen yon vesi ki byen plen pandan similasyon ak tretman radyasyon yo. Lè vesi a plen, sa ka ede li pouse ti trip la an deyò de zòn tretman an. Sa ede pou anpeche efè segondè yo kòmanse oubyen vin pi mal.

Ekip swen w lan ap di w ki valè dlo pou w bwè anvan chak grenn randevou w yo. Y ap di w tou kilè pou kòmanse bwè l.

Rete byen idrate nan jou anvan randevou w yo ak nan jou randevou a. Bat pou w bwè anviwon 64 ons (8 tas) dlo pandan jounen an, sof si ekip swen w lan di w pou limite kantite dlo w ap bwè. Sa ede dlo ekip swen w lan te di pou bwè anvan randevou w lan plen vesi w pi vit. Li pran 30 a 60 minit pou vesi w plen lè kò w byen idrate. Li pran plis tan si ou dezidrate.

Li enpòtan pou bwè dlo pou ka rete idrate. Lòt likid (tankou kafe, chokola cho, epi te) pa plen vesi w osi byen ke dlo fè l la.

## **Randevou pou similasyon**

### **Medikaman pou pran**

Pran medikaman ou abitye pran yo.

Ou ap kouche nan yon sèl pozisyon pandan similasyon w lan. Si ou panse ou pral enkonfòtab, pran yon medikaman pou doulè ki pa bezwen preskripsyon oubyen medikaman pou doulè abityèl ou a l èdtan anvan similasyon w lan. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou a depi alavans.

Si w panse ou ka santi w enkyè pandan similasyon an, pale ak pwofesyonèl swen sante w la alavans. Yo ka konseye medikaman pou ede.

### **Kisa pou manje ak bwè**

Depi pwofesyonèl swen sante w la pa entèdi w, ou kapab pran yon repa lejè.

Si ekip swen w lan ba w enstriksyon pou bwè dlo anvan randevou w lan, swiv enstrisyon yo a.

### **Sa pou mete sou ou**

Mete rad ki pa sere ki fasil pou retire. Ou pral oblije chanje rad pou mete yon rad lopital.

### **Retire aparèy yo sou po ou**

Yo gendwa mete kèk aparèy sou po ou. Anvan similasyon oswa tretman w lan, kèk

fabrikan aparèy konseye w retire sou ou:

- Glikomèt pèmanan (continuous glucose monitor, CGM)
- Ponp ensilin

Si w itilize youn nan sa yo, mande radyo-onkològ ou a si ou dwe retire li. Si w itilize youn, asire ou pote yon aparèy anplis pou w mete sou ou apre similasyon oswa tretman ou an.

Ou ka pa asire sou kòman pou jere glikoz ou (sik nan san w) pandan aparèy ou a pa sou ou. Si se sa, anvan randevou w la, pale avèk pwofesyonèl swen sante k ap jere dyabèt ou a.

## **A kisa pou atann ou lè ou rive**

Yon manm ekip radyoterapi ou a ap anrejistrre w lè ou rive. Y ap ba w yon braslè idantifikasyon (ID) ki gen ladan l non ou ak dat ou fèt la. Pandan randevou w la, plizyè manm pèsonèl la pral mande w pou yo tcheke braslè idantite w la epi mande w pou di ak eple non w epi di dat ou fèt. Se pou sekirite ou. Li posib pou moun ki gen menm non ak ou oswa non ki sanble ak non ou ap resevwa swen menm jou a.

Radyoterapet ou yo pral eksplike w sa ki pral pase pandan similasyon an. Si ou poko siyen yon fòm konsantman, radyoterapet yo ap gade li ansanm avèk ou. Y ap reponn kèlkeswa kesyon ou genyen epi y ap mande w pou siyen li.

Radyoterapet ou yo ka mande w tou pou bwè dlo pou vesi w ka plen anvan similasyon w lan. Y ap di w ki valè dlo pou bwè.


Lè moman pou fè similasyon an rive, ou pral chanje rad pou mete yon rad lopital. Kite soulye nan pye ou.

## **A kisa pou atann ou pandan similasyon w lan**

Radyoterapet ou yo ap ede w monte sou tab similasyon w lan. Tab la ap gen yon dra sou li, men li di epi li pa gen kousen. Si ou pa pran medikaman pou doulè epi w panse ou ka bezwen l, di radyoterapet ou yo sa anvan similasyon an kòmanse.

Radyoterapet ou yo ap ede w pran yon bon pozisyon pou similasyon w lan. W ap kouche sou do epi w ap repoze tèt sou kote ki pou sipòte tèt ou a. Radyoterapet ou yo ap mete janm ou ak pye w nan yon kousen imobilizasyon pou pati enferyè kò w (wè Figi 1). Yo se kousen ki di, ki la pou kenbe janm ou ak pye w anplas. W ap itilize yo pou similasyon w lan ak pou tout tretman w yo pou ka toujou nan menm pozisyon an a chak fwa. Si w bezwen pou kote pou repoze tèt ou a pi wo oubyen yon kousen pou jenou pou ka konfòtab,

tanpri mande sa.



Imaj 1. Kousen imobilizasyon pati enferyè kò a

Similasyon w lan pral pran 1 a 2 èdtan men li ka pi kout oubyen pi long, sa pral depan de tretman espesifik ou a. Radyoterapet ou yo ka mete mizik pou ede w pase tan an.

Lè similasyon an kòmanse, pinga ou bouje kò w. Li enpòtan pou w rete nan menm pozisyon an. Si w pa alèz oubyen ou bezwen moun ede w, di radyoterapet ou yo sa.

### **Lavman sale**

Yon enfimyè radyoterapi ap ba w yon lavman dlo sale pandan randevou similasyon w lan. Se pou l ka vide entesten w lan pandan similasyon w lan. Lè w gen vesi w ki byen plen epi trip ou ki vid, sa ede w deplase tisi ki an sante yo lwen reyon radyasyon yo. Sa pèmèt li redwi risk pou gen efè segondè.

### **Imaj eskanè ak pozisyonman.**

Pandan similasyon w lan, radyoterapet ou yo ap itilize imaj eskanè pou tcheke epi ajiste pozisyonman w. Y ap wè makè de referans yo nan pwostat ou nan imaj sa yo. Yo pral tcheke tou si vesi w plen e si trip ou vid.

Yo ka fè imaj eskanè yo nan yon aparèy ak reyon x ke yo rele similatè oubyen nan yon aparèy eskanè ki se yon tomografi sou òdinatè (CT). Ou kapab genyen tou yon imaj eskanè apati rezonans manyetik (MRI). Yo sèvi ak eskanè sa yo sèlman pou yo planifye tretman w yo. Yo pa itilize yo pou fè dyagnostik ni pou detekte timè.

Si pa gen ase likid nan vesi w oubyen ou gen twòp pou pou oubyen gaz nan trip ou, radyoterapet ou yo ap ede w desann tab similasyon an. Y ap ba w tan pou plen vesi w oubyen pou lave trip ou. Y ap retounen mennen w nan chanm similasyon an pita.

Si ou gen twòp gaz nan trip ou epi ou pa ka fè yo soti poukont ou, radyoterapet ou yo ap kapab ede w. Yo ka founye yon ti kawotchou ki librifye nan rektòm ou pou retire gaz la si li fasil pou atenn.

W ap santi tab similasyon an k ap antre epi soti nan eskanè a epi w ap tande aparèy la k ap limen epi etenn. Menm si bri a sanble fò, radyoterapet ou yo ap an mezi pou yo tande ou si w bezwen pale avèk yo. Y ap fè antre soti pandan nan sal la pandan eskanè yo, men sal la gen yon mikwofòn, yon espikè ak yon kamera. Ap toujou gen yon moun ki kapab wè w ak tande w.

Radyoterapet ou a ap limen epi etenn limyè yo nan sal la pandan similasyon w lan. Ou ap wè limyè lazè wouj oswa vèt sou chak miray. Radyoterapet ou yo itilize yo pou ede pozisyon w sou tab la.

### **Mak sou po (tatou) ak foto**

Radyoterapet ou yo ap itilize yon makè pou fè yon desen sou po w nan zòn tretman an. Imedyatman yo asire ke ou nan pozisyon apwopriye a, y ap fè kèlke ti tatou avèk yon egwi ki pwòp epi avèk yon gout lank. Ou ap santi chak tatou se tankou yon piki. Tatou yo p ap pi gwo pase yon tèt zepeng.

Radyoterapet ou yo ap fè plizyè foto ou nan pozisyon similasyon w lan. Y ap itilize foto ak tatou ou yo pou yo pozisyon w kòrèkteman sou tab la chak jou pandan tretman w lan.

Ou kapab retire mak ki fèt ak fet yo apre similasyon ou an. **Tatou yo ap rete nèt. Dlo p ap kapab retire yo.** Si ou gen enkyetid sou fason pou w fè tatou nan kad tretman ou ap fè ak reyon an, pale avèk radyo-onkològ ou.

### **Fason pou w pwograme tretman radyasyon ou yo**

N ap pwograme preparasyon pwosedi ou a ak randevou tretman radyasyon w yo anvan ou kite randevou similasyon w lan.

Nou fè radyoterapi MSK Precise chak jou oswa chak de (2) jou soti lendi rive jiska vandredi. Tretman w lan kapab kòmanse nenpòt jou nan semèn nan. Ou ap fè 5 tretman antou.

Chak randevou tretman jeneralman pran 20 a 30 minit, osi lontan ke vesi w plen epi rektòm ou vid. Randevou w yo ap pi long si w ap bezwen plen vesi w oubyen si w ap bezwen lave rektòm ou. Y ap pran plis tan tou si ou gen yon vizit planifye pou tcheke estati avèk radyo-onkològ ou a.

Si w pa kapab vini nan yon tretman pou yon rezon, rele klinik radyo-onkològ ou a pou w mete ekip radyoterapi w la okouran. Si ou bezwen chanje orè w la pou nenpòt rezon, pale avèk radyoterapet ou yo.

## Tcheke orè tretman w lan

Ou kapab wè orè tretman w lan nan pòtay pasyan w lan, ki se MSK MyChart. Si w pa genyen yon kont MSK MyChart, ou kapab enskri sou [mskmychart.mskcc.org](https://mskmychart.mskcc.org). Ou kapab mande yon manb ekip swen w lan tou pou voye yon envitasyon pou ou.

Li vrèman itil pou w itilize MSK MyChart pou w suiv orè randevou w yo. N ap rele w si nou bezwen repwograme nenpòt nan randevou tretman w yo.

## Planifikasyon tretman an

Ant similasyon w lan ak premye tretman w lan, radyo-onkològ ou a ap travay ak yon ekip pou planifye tretman w yo. Y ap itilize eskanè similasyon w yo pou planifye ak prekosyon ang ak fòm reyon radyasyon w yo. Epitou, y ap detèmine dòz radyasyon ou pral resevwa a. Yo ap byen planifye ak verifye detay sa yo. Sa kapab pran jiska 2 semèn.

Plan tretman w lan baze sou fòm ak gwosè kò w nan moman similasyon w lan. Eseye kenbe pwa w nan yon entèval de 5 a 10 liv (2.3 a 4.5 kilogram) de pwa nòmal ou. Sa ede yo asire ke plan tretman radyasyon w lan rete egzak.

## Sa ki pase pandan radyoterapi MSK Precise la

Si w te sispann pran tablèt simethicone (Gas-X) ak tablèt bisacodyl (Dulcolax) apre similasyon w lan, kòmanse pran yo ankò 3 jou anvan premye radyoterapi w la. Kontinye pran yo chak jou jiskaske w fin fè radyoterapi a.

Kontinye swiv rejim alimantè yo rekòmande w la pou limite balonman an jiskaske ou fini ak radyoterapi w la.

## Randevou pou radyoterapi yo

Eseye pou pou nan espas 1 èdtan anvan randevou radyoterapi w yo. Pa egzanp, si randevou w la a 9è nan maten, bat pou pou pou a 8è nan maten ak lè w deplase pou w ale nan randevou a. Mande ekip swen w lan sa pou w fè si w fè plizyè èdtan nan wout pou vini nan randevou.

## Medikaman pou pran

Pran medikaman ou abitye pran yo.

Pou tretman radyasyon w yo w ap nan menm pozisyon ou te ye pandan similasyon w lan. Si medikaman pou doulè oswa anksyete te ede w pandan similasyon w lan, ou ka vle pran l anvan tretman radyasyon w yo. Pran li anviwon 1 èdtan anvan randevou w lan.

Si w pa pou pou nan espas 1 èdtan anvan randevou w lan, bay tèt ou yon lavman dlo sale anvan w ale nan randevou a. Mande ekip swen w lan sa pou w fè si w pase plizyè èdtan nan wout pou ale nan randevou.

## **Sa pou mete sou ou**

Mete rad ki pa sere ki fasil pou retire. Ou pral oblije chanje rad pou mete yon rad lopital.

## **Kisa pou manje ak bwè**

Depi pwofesyonèl swen sante w la pa entèdi w, ou kapab pran yon repa lejè. Si w bay tèt ou yon lavman dlo sale, pa manje anyen apres. Bwè sèlman likid klè, tankou dlo, bwason pou espòtif (tankou Gatorade®), ak ji fri san ma.

Ekip swen w lan ka te di w fason pou w bwè dlo anvan randevou w lan. Si wi, fè sa yo di w la.

## **A kisa pou atann ou lè ou rive**

Chak jou ou gen yon tretman, anrejistre nan resepsyon an epi chita nan sal atant lan. Radyoterapet ou an ap di w ki valè dlo pou bwè e kilè pou kòmanse bwè l.

Lè radyoterapet ou yo prè pou ou, yon manm nan pèsònèl yo ap mennen w nan sal pou abiye w la. Y ap ba ou yon rad lopital pou chanje w. Kite soulye nan pye ou.

Radyoterapet ou yo ap mennen w nan sal tretman an epi y ap ede w monte tab tretman an.

## **Preparasyon pwosedi ak premye tretman**

Lè ou vini pou premye randevou tretman w lan, y ap fè eskanè imaj pou ou anvan tretman an kòmanse. Yo rele sa pwosedi preparasyon. Randevou sa a ap yon ti jan pi long ke lòt randevou tretman ou yo.

## **Tretman radyasyon yo**

Radyoterapet ou yo ap ede w pran pozisyon pou tretman an. Aprè sa, y ap kite sal la, fèmèn pòt la, epi kòmanse fè eskanè imaj yo. W ap fè eskanè reyon X oubyen CT (Tomografi nan òdinatè), oubyen toulède pou ou.

W ap fè eskanè imaj sa yo chak jou pandan tout tretman w lan. Radyoterapet ou yo ap itilize yo pou tcheke epi ajiste pozisyon w lan. Yo pral tcheke tou si vesi w plen e si trip ou vid. Radyo-onkològ ou a ka itilize eskanè imaj sa yo tou pou ajiste plan tretman w lan. Yo pa itilize yo pou wè kòman timè ou a reponn a tretman an.

Respire nòmalman pandan tretman w lan, men pa bouje. Ou p ap ka wè ni santi

radyasyon an. Ou ka tandè aparèy la k ap bouje toutotou de ou epi l ap limen etenn. Si ou santi w enkonfòtab epi ou bezwen èd, di radyoterapet ou yo sa. Y ap toujou kapab wè e tandè ou. Yo kapab kanpe machin lan pou yo vin wè ou nenpòt ki lè, si sa nesesè.

Ou ap nan sal tretman an pandan 15 a 45 minit, selon plan tretman w lan. Yo pral pase pifò tan sa a pou yo mete ou nan bon pozisyon an. Tretman an sèlman dire 10 a 15 minit.

Ou p ap radyoaktif pandan oubyen aprè tretman an. Ou pa gen pwoblèm pou bò kote lòt moun ak bèt domestik.

## **Vizit pou verifikasyon eta sante**

Radyo-onkològ oubyen enfimyè radyasyon w lan ap antre an kontak avè w omwen yon fwa pandan tretman w lan. Y ap pale avè w sou nenpòt enkyetid, poze kesyon sou kèlkeswa efè segondè ou ta ka genyen, epi reponn kesyon w yo. Vizit pou tcheke eta sante sa a ka yon vizit atravè yon apèl videyo oubyen odyo oubyen yon vizit anvan oubyen aprè tretman w lan.

Si ou bezwen pale avèk radyo-onkològ oubyen enfimyè w la an deyò de vizit pou tcheke eta sante w la, rele nan biwo radyo-onkològ ou a. Ou ka mande yon lòt manm ekip swen w lan tou pou kontakte yo lè ou vini pou tretman an.

## **Vitamin ak sipleman alimantè pandan radyoterapi**

Vitamin, mineral, ak sipleman ki fèt ak fèy se egzanp sipleman alimantè.

Ou mèt pran yon miltivitamin pandan radyoterapi w la. Pinga ou pran okenn lòt sipleman san ou pa pale avèk yon moun nan ekip swen w lan.

## **Efè segondè radyoterapi MSK Precise la**

Gen kèk moun ki ka gen efè segondè akòz radyoterapi a. Ki efè segondè yo epi nan ki nivo gravite a ye varye de yon moun a yon lòt. Pwofesyonèl swen sante w la ap eksplike sa k pral pase selon antesedan medikal ou ak plan tretman espesifik ou an.

Seksyon sa a eksplike efè segondè radyoterapi MSK Precise la genyen pi souvan. Ou kapab genyen tout, kèlke, oubyen okenn ladan yo. Pifò nan efè segondè sa yo ap disparèt plizyè semèn a plizyè mwa apre ou fin fè radyoterapi w la. Si ou gen youn nan efè segondè sa yo, pwofesyonèl swen sante w la ap ba ou plis enfòmasyon epi ede w jere yo.

## **Chanjman nan pipi**

Glann pwostat ou gendwa anfle epi pawa vesi ou gendwa vin irite. Poutèt sa, men sa ou ka genyen:

- Ou ka gen pwoblèm pou w kòmanse pipi (pipi)
- Ou ka bezwen pipi pi souvan pase jan ou abitye pipi a.
- Ou ka bezwen pipi leswa pi souvan pase jan ou abitye pipi a.
- Ou ka gen anvi sibat pou pipi.
- Ou ka santi ou gen kanal brile lè w ap pipi.

Di radyo-onkològ oubyen enfimyè radyasyon w lan sa si ou gen chanjman ki fèt nan jan ou pipi. Yo ka rekòmande yon chanjman nan rejim alimantè ou oubyen preskri w yon medikaman ki ka ede w. Ou kapab swiv tou konsèy ki anba yo.

- Bwè 6 a 8 gode dlo (8-ons) pandan tout jounen an.
- Evite bwè dlo apre 8è nan aswè.
- Evite manje ak bwason ki ka irite vesi w, tankou:
  - Bwason ki gen kafeyin ladan yo, tankou kafe, te ak kola.
  - Alkòl.
  - Manje ak bwason ki gen asid, tankou tomat, fwi ak ji sitris yo, ak bwason gazez (ki gen gaz)
  - Manje ki pike, sitou si ou santi kanal ou ap boule w lè w ap pipi.
- Fè egzèsis pou pèlvis yo atè a (Kegel). Li *Pelvic Floor Muscle (Kegel) Exercises for Males* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/pelvic-floor-muscle-kegel-exercises-males](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/pelvic-floor-muscle-kegel-exercises-males)) pou aprann kòman. Yon manm ekip swen w lan ap di w konbyen pou fè ak chak kilè pou fè yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w jere chanjman ki fèt nan pipi yo, li *Improving Your Urinary Continence* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/improving-your-urinary-continence](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/improving-your-urinary-continence)).

## Chanjman nan poupou

Pawa rektòm ou kapab vin irite. Men sa ki ka rive apre kèlke tretman:

- Ou poupou pi souvan pase jan ou abitye pipi a.
- Poupou ou ka pi mòl pase jan li abitye ye a.

- Ou ka santi malèz nan rektòm ou.
- Gen glèk ap soti nan tou dèyè ou. Tou dèyè w ou se ouvèti rektòm ou kote pou pou a pase pou l soti nan kò w.
- Ou ka senyen tou piti nan rektòm ou. Pa egzanp, ou ka wè san tou wouj nan papye twalèt oswa nan pou pou a.
- Ou ka fè plis gaz pase jan w abitye fè gaz la.
- Ou ka santi fòk ou al pou pou avèk plis ijans pase jan w abitye ale a.

Si ou genyen emowoyid, radyoterapi a kapab agrave sentòm yo.

An jeneral, sentòm sa yo pa twò grav.

Si ou genyen nenpòt nan efè segondè sa yo, di enfimyè radyason w lan sa. Yo ka pale avè w sou kòman ou ka chanje rejim alimantè ou pou ka jere yo. Si w toujou santi w pa alèz, di radyo-onkològ oubyen enfimyè radyasyon w lan sa. Radyo-onkològ ou a ka preskri w medikaman pou ede w.

Efè segondè sa yo kapab dire anviwon yon (1) mwa a de (2) mwa apre w fin fè radyoterapi a. Kèk moun kontinye pran medikaman pou trete chanjman irinè ki fèt aprè yo fini radyoterapi a. Li enpòtan pou w di nou si w devlope efè segondè epi kenbe nou okouran sou eta sante ou.

## Sante seksyèl ak repwodiktif

Ou kapab aktif seksyèlman pandan ou ap fè radyoterapi an, sof si radyo-onkològ ou anba ou lòt enstriksyon. Ou p ap radyoaktif ni ou p ap transmèt reyon an bay yon lòt moun. Pa gen danje pou rete an kontak sere ak lòt moun.

Ou ka santi yon malèz oubyen ou ka santi kanal ou ap boule w lè w ejakile. Pou majorite moun, pwoblèm nan disparèt nan espas 1 ou 2 mwa aprè radyoterapi an fini.

Si w aktif seksyèlman avèk yon moun ki ka ansent, li enpòtan anpil pou itilize pwoteksyon pou l pa ansent (planin) pandan tretman an e jiska yon lane aprè tretman an. Pandan w ap fè radyoterapi a, reyon yo ka andomaje espèm ou. Si w ansent yon moun avèk espèm sa a, tibebe a gendwa gen malfòmasyon lè li fèt. Itilizasyon planin ede anpeche sa rive.

Li *Sex and Your Cancer Treatment* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/sex-cancer-treatment](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/sex-cancer-treatment)) pou w jwenn plis enfòmasyon sou sante seksyèl pandan tretman kansè. Sosyete Ameriken Kansè a genyen resous ki pale sou pwoblèm sante seksyèl pandan tretman kansè tou. Sa ki pou gason an rele *Sèks ak Granmoun*

[Gason ki gen Kansè](http://www.cancer.org) . Ou kapab chèche li sou [www.cancer.org](http://www.cancer.org) oubyen rele nan 800-227-2345 pou w jwenn yon kopi.

## Pwogram Medsin Seksyèl ak Repwodiktif pou Gason

Pwogram [Medsin Seksyèl ak Repwodiktif MSK](#) ede moun fè fas ak chanjman ki gen pou wè ak sante seksyèl kansè ak tretman kansè lakoz. Ou kapab wè avèk yon espesyalis anvan, pandan, oubyen aprè tretman w lan. Nou kapab ba ou yon referans, oubyen ou kapab rele nan 646-888-6024 pou w pran yon randevou.

## Reyaksyon ki fèt sou po ak nan cheve

Ou ka pa remake okenn chanjman ki fèt nan po w nan zòn kote ou fè tretman an. Ou ka pèdi yon pati oubyen tout plim ki devan w yo. Plim yo jeneralman repouse ankò ant 3 a 6 mwa aprè ou fini radyoterapi a. Koulè ak teksti a gendwa diferan.

## Fatig

Fatig se lè w santi w epwize oubyen fèb. Lè w santi fatig, ou ka pa vle fè anyen. Ou ka gen pwoblèm pou konsantre, pa santi w nan nòmal ou, oubyen ou gen mwens enèji ke dabitid.

Ou ka kòmanse santi fatig pandan tretman an oubyen plizyè semèn aprè ou kòmanse tretman an. Li ka varye ant lejè (pa mal) pou rive nan grav (mal anpil). Li ka pi mal nan sèten lè nan jounen an. Fatig ka dire ant 6 semèn rive nan 12 mwa aprè dènye tretman w lan.

Gen anpil rezon ki ka fè ou santi fatig pandan radyoterapi w la. Yo gen ladan yo:

- Efè radyasyon yo sou kò ou.
- Vwayaje pou ale epi soti nan randevou tretman w yo.
- Pa dòmi ase lannwit pou repoze.
- Pa pran ase pwoteyin ak kalori.
- Lè ou gen doulè oubyen lòt sentòm.
- Lè ou santi ou anksye (enkyè) oubyen deprime (pa kontan).
- Efè segondè kèlke medikaman.

## Fason pou w jere fatig

- Si w ap travay epi ou santi w byen, ou mèt kontinye travay. Men, lè ou travay mwens, sa ka pèmèt ou genyen plis enèji.

- Planifye aktivite ou fè chak jou yo. Chwazi bagay ke ou bezwen oubyen ou vrèman anvi fè. Fè aktivite sa yo lè w santi ou genyen plis enèji. Pa egzanp, ou ka chwazi al travay men ou pa chwazi fè travay nan kay la. Ou ka chwazi asiste evènman espòtif pitit ou a men ou pa al manje deyò.
- Planifye tan pou w repoze oubyen fè ti syès (10 a 15 minit) pandan jounen an, sitou lè ou santi w pi fatige.
- Eseye dòmi omwen 8 èdtan chak swa. Sa ka reprezante plis somèy pase kantite somèy ou bezwen anvan kòmansman radyoterapi a. Epitou, ou gendwa twouve li itil pou ou:
  - Ale dòmi pi bonè lèswa epi leve pi ta nan maten.
  - Fè aktivite fizik pandan jounen an. Pa egzanp, si w ka fè egzèsis, ou ka al mache oubyen fè yoga.
  - Detann kò ou anvan w ale kouche. Pa egzanp, li yon liv, rezoud yon puzzle, tande mizik, oubyen pratike yon aktivite ou renmen ki kalme w.
- Mande fanmi ak zanmi pou ede w avèk travay nan kay la oubyen voye yo al achte oubyen regle bagay pou ou. Pale avèk konpayi asirans ou an pou w konnen si li peye pou sèvis swen adomisil yo.
- Ou gendwa genyen plis enèji lè w fè egzèsis fizik. Mande radyo-onkològ ou a si ou ka fè egzèsis lejè, tankou mache, monte bisiklèt, detire, oubyen yoga. Li atik *Managing Cancer-Related Fatigue with Exercise* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/managing-cancer-related-fatigue-exercise](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/managing-cancer-related-fatigue-exercise)) pou w jwenn plis enfòmasyon.
- Manje manje ki gen anpil pwoteyin ak kalori. Li *Eating Well During Your Cancer Treatment* ([www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/eating-well-during-your-treatment](http://www.mskcc.org/cancer-care/patient-education/eating-well-during-your-treatment)) pou aprann plis

Gen kèk bagay ki kapab agrave fatig ou a. Pa egzanp:

- Doulè
- Kè plen (santi ke ou pral vomi)
- Dyare
- Pwoblèm pou dòmi.
- Santi ke ou deprime oubyen enkyè

Si w genyen sa yo oubyen nenpòt lòt sentom oubyen efè segondè, mande radyo-

onkològ oubyen enfimyè radyasyon w lan èd.

## Sante emosyonèl

Dyagnostik ak tretman kansè kapab ba ou anpil estrès epi li kapab akable ou anpil. Ou ka santi:

<ul style="list-style-type: none"><li>• Ou gen kè sou biskèt oswa ou estrese</li><li>• Ou gen laperèz</li><li>• Ou poukont ou</li><li>• Yo fache</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Yo deprime</li><li>• Ou san defans</li><li>• Ou fristre</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Ou angoudi</li><li>• Ou gen dout</li><li>• Ou enkyete</li></ul>
--	---	---

Epitou, ou ka santi ou pa alèz pou di patwon w lan ou genyen kansè oswa pou li peye frè medikal ou yo. Ou ka gen enkyetid sou fason relasyon familyal ou ka chanje, oswa ou ka pè pou kansè a pa rechite. Ou ka gen enkyetid sou fason tretman kansè a pral afekte kò w, oswa ou ka ap mande tèt ou si w ap kapab toujou fè aktivite seksyèl.

Se nòmal pou enkyete w pou tout bagay sa yo. Tout kalite santiman sa yo nòmal lè ou menm oswa yon moun ou renmen soufri yon maladi grav. Nou la pou nou sipòte ou.

## Fason pou w jere santiman ou

Pale avèk lòt moun. Lè moun yo eseye pwoteje youn lòt nan kache sa yo santi, yo kapab santi yo poukont yo. Lè ou pale, sa kapab ede moun ki bòkote ou yo konnen sa ki nan panse ou. Sa ka vo lapèn pou w pale sou santiman ou avèk yon moun ou fè konfyans. Pa egzanp, ou kapab pale avèk mari/madanm ou oswa mennaj ou, yon zanmi pwòch, oswa fanmi ou. Epitou, ou kapab pale avèk yon omonye (konseye espiritiyèl), enfimyè, travayè sosyal, oswa sikològ.

Vin manm yon gwoup sipò. Lè ou fè konesans lòt moun ki gen kansè, sa ap ba w yon chans pou w pale sou santiman ou yo epi aprann nan men lòt moun. Ou kapab aprann fason lòt moun fè fas kare avèk kansè yo a epi tretman yo a epi yo kapab raple w pa poukont ou nan lit la.

Nou konnen tout dyagnostik kansè ak moun ki fè kansè yo pa menm. Nou ofri gwoup sipò pou moun ki genyen menm dyagnostik oswa idantite. Pa egzanp, ou kapab antre nan yon gwoup sipò pou moun ki fè kansè tete oswa pou moun LGBTQ+ ki fè kansè. Ale sou [www.msk.org/vp](http://www.msk.org/vp) pou w jwenn enfòmasyon sou gwoup sipò MSK yo. Epitou, ou kapab pale avèk radyo-onkològ ou a, enfimyè w la, oswa travayè sosyal ou a.

Eseye detant ak meditasyon. Kalite aktivite sa yo kapab ede ou santi w rilaks ak trankil. Ou ka eseye imajine ou yon kote ou renmen. Pandan w ap fè sa, respire tou dousman.

Prete atansyon ak chak respirasyon oswa koute yon mizik oswa son ki kalme lespri ou. Pou kèk moun, lapriyè se yon lòt mwayen meditasyon. Ale sou [www.msk.org/meditations](http://www.msk.org/meditations) pou w jwenn meditasyon gide pwofesyonèl Medsin Entegre ak Byennèt nou yo dirije.

**Egzèsis fizik.** Anpil moun konstate mouvman lejè, tankou mache, monte bisiklèt, yoga oswa ayewobi nan dlo ede yo santi yo pi byen. Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la sou kalite egzèsis fizik ou kapab fè.

Nou tout genyen pwòp fason pa nou pou nou jere sitiyasyon difisil yo. Nou souvan fè sa ki te mache pou nou oparavan. Men, pafwa sa pa ase. Nou ankouraje ou pale avèk doktè ou, enfimyè ou, oswa travayè sosyal ou sou enkyetid ou yo.

## **Kisa ki pase aprè radyoterapi MSK Precise lan**

### **Randevou suivi**

Li enpòtan pou w vini nan tout randevou suivi ou genyen avèk radyo-onkològ ou a. Pandan randevou sa yo, y ap gade jan w ap geri apre w fin fè radyoterapi a.

Note kesyon ak enkyetid ou yo anvan w vini nan randevou suivi yo. Vini avèk fèy papye sa a ak yon lis ki gen tout medikaman ou ap pran yo. Epitou, ou kapab rele radyo-onkològ oswa enfimyè radyoterapi ou an nenpòt lè apre w fin fè radyoterapi w la oswa ant randevou suivi yo.

### **Vitamin ak sipleman alimantè apre radyoterapi**

- Li posib pou w ap resevwa lòt tretman kont kansè anplis radyoterapi w la. Si w ap resevwa lòt tretman, mande doktè ki responsab tretman sa a ki lè ou ap kapab rekòmanse pran sipleman alimantè. Genyen kèk sipleman alimantè ou kapab pran anvan operasyon an oswa pandan chimyoterapi a.
- Si ou p ap resevwa lòt tretman kont kansè, ou kapab rekòmanse pran sipleman alimantè yo yon (1) mwa apre w fin fè dènye radyoterapi w la.

Di enfimyè radyoterapi w la sa si w vle pale avèk yon dyetetisyen-nitrisyonis klinik sou rejim alimantè w oswa sipleman ou yo.

### **Chanjman nan pipi ak pou pou**

Gen kèk moun ki kòmanse gen efè segondè 4 mwa oswa plis aprè tretman an. Yo rele efè segondè sa yo efè segondè retade oswa efè segondè an reta.

Efè segondè ki vini annapre yo kapab sanble ak sila yo ou te genyen pandan tretman an. Gen yon chans tou piti pou w ta kòmanse gen lòt efè segondè. Pa egzanp:

- Antre vesi w ka vin pi etwat.
- Ou ka genyen san nan pipi ou.
- Ou ka senyen nan rektòm ou.

Efè segondè sa yo ra. Yo ka vini epi ale ofiamezi. Oswa, yo ka pèsistan epi kwonik (dirab). Ekip swen sante w lan ap ede w jere yo.

Menm si ou pa devlope okenn efè segondè ki parèt ta yo, sonje ke radyoterapi ou a afekte tisi ki nan vesi w ak nan rektòm ou yo. Rele radyo-onkològ ou a si:

- Ou gen nenpòt nouvo pwoblèm pipi, vesi, oswa poupou.
- Ou bezwen fè yon kolonoskopi. Pa fè yon kolonoskopi pandan premye ane apre tretman an.
- Ou bezwen fè nenpòt kalite pwosedi iwolojik oubyen rektal.

## Chanjman seksyèl

Gen kèk moun ki vin gen chanjman ki fèt nan vi seksyèl yo apre yo fin fè tretman an. Pa egzanp:

- Li ka pi difisil oswa menm enposib pou yo genyen oubyen kenbe yon ereksyon. Yo rele sa pwoblèm ereksyon (ED).
- Ou ka santi ògasm ou yo diferan.
- Lè ou ejakile, kantite oubyen epesè espèm ou a ka diferan.

Chanjman sa yo ka fèt plizyè mwa oubyen menm plizyè ane apre radyoterapi a. Si w remake youn ladan yo, mete pwofesyonèl swen sante w la okouran. Yo kapab refere w a yon pwofesyonèl swen sante ki trete pwoblèm sa yo.

## Sèvis sipò MSK yo

Sant Konsèy

[www.msk.org/counseling](http://www.msk.org/counseling)

646-888-0200

Anpil moun konstate lè yo ba yo konsèy, sa ede yo. Sant ki bay konsèy nou yo bay moun, koup, fanmi, ak gwoup moun konsèy. Epitou, nou kapab preskri medikaman ki pou

soulaje w si w soufri anksyete oswa depresyon. Mande pwofesyonèl swen sante w lan yon referans oswa rele nan nimewo ki anwo a pou w pran yon randevou.

### Sèvis Medsin Entegre ak Byennèt

[www.msk.org/integrativemedicine](http://www.msk.org/integrativemedicine)

Sèvis Medsin Entegre ak Byennèt nou an ofri plizyè sèvis pou konplete (mache kòtakòt avèk) swen medikal tradisyonèl yo, tankou terapi mizikoterapi, terapi kò ak lespri, terapi avèk dans ak mouvman, yoga, ak terapi avèk men. Rele nan 646-449-1010 pou w pran yon randevou pou sèvis sa yo.

Epitou, ou kapab planifye yon konsiltasyon avèk yon pwofesyonèl swen sante ki nan Sèvis Medsin Entegre ak Byennèt la. Li ap ede w fè yon plan pou w viv an sante epi jere efè segondè yo. Rele nou nan 646-608-8550 pou w pran yon randevou.

### Pwogram Medsin Seksyèl ak Repwodiktif pou Gason

646-888-6024

Pwogram sa a ede pasyan gason ki ap fè fas ak pwoblèm sante seksyèl ki gen pou wè ak kansè, tankou pwoblèm bann.

### Sèvis Nitrisyon

[www.msk.org/nutrition](http://www.msk.org/nutrition)

212-639-7312

Sèvis Nitrisyon nou an bay konsèy nan zafè nitrisyon avèk youn nan dyetetisyen-nitrisyonis klinik nou yo. Dyetetisyen-nitrisyonis klinik ou an ap pale avèk ou sou abitud manje ou genyen yo. Epitou, li kapab ba ou konsèy sou sa pou w manje pandan ak apre tretman an. Mande yon manm ki nan ekip swen w lan yon referans oubyen rele nan nimewo ki anwo a pou w pran yon randevou.

### Sèvis Reyabilitasyon

[www.msk.org/rehabilitation](http://www.msk.org/rehabilitation)

Kansè ak tretman kansè kapab fèw santi kò ou fèb oubyen rès. Genyen kèk ki ka koze lenfedèm (anflamasyon). Fizyat nou yo (dokte an reyabilitasyon), ègoterapet nou yo (OT yo), ak fizyoterapet (PT yo) nou yo kapab ede w reprann aktivite ou abitye fè yo.

- Fizyat yo ap dyagnostike epi trete pwoblèm ki afekte fason ou deplase ak fè aktivite yo. Yo kapab kreye epi ede kowòdone pwogram terapi reyabilitasyon ou an, swa nan MSK swa yon kote ki pi pre lakay ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele sèvis Medsin Reyabilitasyon (Fizyatri) nan 646-888-1929.
- Gen yon ègoterapet ki kapab ede ou si w gen difikilte pou w fè aktivite chak jou ou abitye fè yo. Pa egzanp, li kapab rekòmande w zouti ki pou rann aktivite chak jou yo

vin pi fasil. Yon fizyoterapet kapab montre w egzèsis pou w fè ki pou pèmèt ou vin gen fòs ak souplès. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele sèvis Terapi Reyabilitasyon an nan 646-888-1900.

## Kesyon pou w poze radyo-onkològ ou

Anvan randevou w la, li ap itil pou w note kesyon ou vle poze yo. Men egzanp kesyon yo anba a. Note repons yo ba w yo pandan randevou w la yon fason pou w kapab gade yo ankò pita.

Ki kalite radyoterapi mwen pral resevwa?

---

---

Ki valè tretman avèk reyon mwen pral resevwa?

---

---

Ki efè segondè mwen ta dwe atann pandan radyoterapi mwen an?

---

---

Èske efè segondè yo ap disparèt apre mwen fin fè radyoterapi mwen an?

---

---

Ki kalite efè segondè an reta mwen ta dwe atann apre radyoterapi mwen an?

---

---

## Gid rapid pou preparasyon trip

**3 jou anvan similasyon w lan:**

Dat: \_\_\_\_\_

- Kòmanse pran 2 tablèt simethicone (125 miligram) (Gas-X) lè w fin manje manje maten ak lè w fin manje manje midi. Pran yo chak jou.
- Kòmanse pran 1 tablèt bisacodyl (5 miligram) (Dulcolax) leswa. Pran l chak swa.

Yon enfimyè ap ba w yon lavman dlo sale pandan randevou similasyon w lan.

Ou ka sispann pran tablèt simethicone nan ak tablèt bisacodyl la apre similasyon w lan pandan ekip swen w lan ap planifye terapi w yo.

### 3 jou anvan premye radyoterapi w la

Dat: \_\_\_\_\_

- Re-kòmanse pran 2 tablèt simethicone (125 miligram) (Gas-X) lè w fin manje manje maten ak lè w fin manje manje midi chak jou.
- Re-kòmanse pran 1 tablèt bisacodyl (5 miligram) (Dulcolax) chak swa.

Kontinye pran simethicone (Gas-X) ak bisacodyl (Dulcolax) chak jou jiskaske w fin fè radyoterapi a. Si ekip k ap pran swen w lan ba w lòt enstriksyon, swiv sa yo di w yo pito.

### Pandan radyoterapi ou an

- Eseye pou pou nan espas 1 èdtan anvan randevou radyoterapi w yo. Pa egzanzp, si randevou w la a 9è nan maten, bat pou pou pou a 8è nan maten ak lè w deplase pou w ale nan randevou a. Mande ekip swen w lan sa pou w fè si w pase plizyè èdtan nan wout pou ale nan randevou.
- Si w pa pou pou nan espas 1 èdtan anvan randevou w la:
  - Bay tèt ou yon lavman dlo sale anvan ou ale nan randevou w lan.
  - Pa manje gwo manje apre w fin bay tèt ou lavman an. Bwè sèlman likid klè, tankou dlo, bwason pou espòtif ki san ma (tankou Gatorade), ak ji fri san ma.

Di ekip swen w lan sa si dyare kòmanse pran w. Nou kapab ede w ajiste dòz bisacodyl ou a.

Di ekip swen w lan si w suiv enstriksyon sa yo men ou toujou pa ka pou pou anvan chak terapi. Nou kapab ajiste preparasyon trip ou a pou n jwenn yon bagay ki fonksyone pi byen pou ou.

### Rapèl enpòtan

Pou w redui gaz ak balonnman:

- Manje dousman, moulen manje a byen, epi evite itilize chalimo oswa bwè nan boutèy ak bwat. Sa ap pèmèt ou evite vale van.
- Evite bwason gazez, tankou seltzer, kola, ak byè.
- Limit kantite manje ak bwason ki pwodui gaz lè w dijere yo, tankou bwokoli, chou Briksèl, chou, chouflè, chou kale, zonyon, lay, fwi sèk, ak lèt epi pwodui letye si pa tolere laktoz. Li ribrik ki gen tit “Konsèy sou sa pou manje pou redwi balonnman” pou wè lis konplè a.
- Manje legim ki kwit yo olye de legim ki kri yo.

Pou pèmèt blad pipi w plen:

- Li enpòtan pou w rete byen idrate. Pifò moun dwe genyen yon vesi ki byen plen pou similasyon ak radyoterapi yo.
- Nou konseye w bwè apeprè 64 ons (8 tas) dlo chak jou anvan randevou w yo, sof si yon lòt pwofesyonèl swen sante di w pou limite kantite dlo ou bwè.
- Yon radyoterapet ap ba w plis enstriksyon pandan randevou similasyon w lan.

## Enfòmasyon pou pran kontak

Si ou genyen kesyon oswa enkyetid, kontakte yon moun nan ekip radyoterapi ou an. Ou kapab kontakte li lendi jiska vandredi soti 9è nan maten rive 5è nan aprèmidi nan nimewo sa yo.

Radyo-onkològ: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Enfimyè radyoterapi: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Lè lè sa yo pase, ou kapab kite yon mesaj oswa pale avèk yon lòt pwofesyonèl swen sante nan MSK. Toujou genyen yon doktè oswa enfimyè ki disponib. Si w pa konnen fason pou w jwenn pwofesyonèl swen sante w la, rele nan 212-639-2000.

Pou w jwenn plis resous, ale sou [www.mskcc.org/pe](http://www.mskcc.org/pe) pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.

About MSK Precise® Radiation Therapy for Prostate Cancer - Last updated on October 21, 2025  
Se Memorial Sloan Kettering Cancer Center ki posede ak rezève tout dwa yo

Dènye Mizajou

Oktòb 21, 2025

Learn about our [Health Information Policy](#).

## Di nou sa ou panse

## Di nou sa ou panse

Opinyon ou ap ede nou amelyore enfòmasyon edikatif nou bay yo. Ekip swen ou a pa ka wè anyen ou ekri nan fòm opinyon sa a. Tanpri pa itilize li pou poze kesyon sou swen ou. Si ou gen kesyon sou swen ou, kontakte founisè swen sante ou.

Menm si nou li tout opinyon yo, nou pa kapab reponn okenn kesyon. Tanpri pa ekri non ou oswa okenn enfòmasyon pèsònèl sou fòm opinyon sa a.

Èske enfòmasyon sa a te fasil pou konprann?

Wi

Wi

Yon jan konsa

Yon jan konsa

Non

Non

Kisa nou te ka eksplike pi byen?

Tanpri pa ekri non ou ni enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Soumèt